



Akò Responsablite Finansye Elèv yo

Tout elèv SPOKANE COMMUNITY COLLEGE yo lye pa Akò Responsablite Finansye Elèv la (SFRA) lè yo enskri nan kou a. Akò a dekri tèm ak kondisyon finansye ki asosye avèk enskripsyon ou an. Lè w enskri pou kou yo, ou pran responsablite finansye epi ou dakò ak tèm Akò sa a.

Si ou gen kesyon oswa ou ta renmen plis enfòmasyon sou Akò Responsablite Finansye Elèv SPOKANE COMMUNITY COLLEGE a, tanpri kontakte Biwo Kesye a oswa voye yon imèl bay Biwo Kesye a nan SCC.CashiersOffice@scc.spokane.edu

PEMAN FRÈ/PWOMÈS POU PEYE

Mwen konprann ke lè m enskri pou kou nan SPOKANE COMMUNITY COLLEGE, mwen responsab pou peye tout lajan pou etid, frè, chaj, ak lòt depans ki gen rapò ak edikasyon mwen. Mwen dakò pou m peye tout chaj sa yo nan dat limit la(yo).

Mwen konprann ke kou mwen yo ka anseye nan diferan fòm tankou an pèsòn, sou entènèt, oswa yon melanj de tou de, epi ke metòd ansèyman an ka chanje akòz sikonstans espesyal. Kèlkeswa fòm a, mwen dakò pou m peye tout bòdwo mwen yo bay SPOKANE COMMUNITY COLLEGE nan dat limit la (yo).

Si m pa peye bòdwo mwen yo nan dat limit la, oubyen si m dwe lajan poutèt èd finansye anplis mwen te resevwa, mwen konprann dèt sa a se yon dèt etidyan. Dèt etidyan yo dwe peye epi yo pa ka efase nan fayit, sof si yon tribinal fayit jwenn ke peman an enpoze yon difikilte san nesite. Dèt sa a gen ladan l nenpòt frè reta, enterè, ak depans koleksyon, jan sa eksplike anba a nan Seksyon 2, "Kont anreta/Koleksyon."

Mwen konprann tou ke si bank la retounen yon peman nan kont mwen pou nenpòt rezon, m ap toujou dwe montan orijinal la, plis yon frè \$25, ansanm ak nenpòt enterè ak frè reta.

KONT ANRETIRE/KOLEKSYON

Retansyon Enskripsyon

Si m pa peye ekolaj mwen, frè yo, frè lojman mwen ak depans yo, oubyen si m pa retounen èd finansye anplis la lè m sipoze fè sa, SPOKANE COMMUNITY COLLEGE ka mete yon retansyon sou kont mwen. Sa vle di mwen p ap ka enskri pou plis kou jiskaske mwen peye tout balans ki anreta yo oswa mwen fè yon plan peman ak kolèj la.

Remake byen ke anba RCW 28B.10.293 enstitisyon an oblije "devwale bay elèv yo atravè yon pòtal an sekirite oswa yon imèl ak pwosesis enskripsyon kou a bagay sa yo nan kòmansman chak tèm akademik: (a) kantite dèt, si genyen, elèv la dwe enstitisyon an; (b) enfòmasyon sou peman dèt la, ki gen ladan moun pou kontakte pou etabli yon plan peman; ak (c) nenpòt konsekans ki pral soti nan non-peman dèt la."

Frè Peman Anreta



Si mwen pa peye sa mwen dwe a nan dat limit la, SPOKANE COMMUNITY COLLEGE ap fè m peye 1% enterè sou montan ki pa peye a chak mwa, plis nenpòt lòt frè reta. Ou ka tcheke règleman Eta WA sou frè reta atravè RCW 43.17.240. Montan sa yo pral ajoute nan balans total ki poko peye mwen an. Frè ak Depans pou Koleksyon Si mwen pa peye balans mwen an oswa mwen pa fè aranjman pou epi respekte yon plan peman, SPOKANE COMMUNITY COLLEGE ka voye dèt mwen an bay yon ajans koleksyon. Mwen konprann ke mwen pral responsab pou tout dèt la, ki gen ladan enterè, frè reta, penalite, frè ak frè koleksyon ki gen ladan frè rezonab ajans koleksyon, frè avoka, frè ak frè tribinal, ak nenpòt lòt frè lalwa pèmèt. Frè koleksyon ak/oswa frè tribinal yo pa pral depase 30% pou premye efò koleksyon an epi yo pa pral depase 40% pou okenn efò koleksyon adisyonèl.

KOMINIKASYON

Metòd Faktirasyon

SPOKANE COMMUNITY COLLEGE pral voye enfòmasyon bòdwo mwen atravè ctcLink ak/oswa pa imèl. Mwen konnen ke mwen responsab pou tcheke kont ctcLink mwen an ak imèl mwen yo regilyèman. Si mwen pa tcheke bòdwo mwen yo, mwen toujou gen responsablite pou asire ke tout chaj sou kont mwen an peye nan dat limit la. Epitou, si gen nenpòt erè nan pwosesis bòdwo a, mwen toujou bezwen peye montan ki kòrèk la.

Enfòmasyon pou Kontakte m

Mwen pèmèt SPOKANE COMMUNITY COLLEGE ak reprezantan li yo kontakte m konsènan bòdwo mwen ki poko peye yo lè l sèvi avèk nimewo telefòn, adrès postal, oswa adrès imel mwen bay yo. Yo ka itilize apèl otomatik oswa sistèm konpoze, mesaj pre-anrejistre, mesaj tèks, oswa apèl pèsònèl ak imel. Mwen responsab pou m mete SPOKANE COMMUNITY COLLEGE ajou si enfòmasyon kontak mwen chanje epi, pandan m ap yon etidyan, m ap fè sa atravè pòtal ctcLink la. Lè m pa yon etidyan ankò, mwen responsab pou m kenbe dosye Kolèj la ajou ak adrès postal aktyèl mwen ak enfòmasyon kontak mwen.

DÈM AKÒ A

Akò sa a ap rete an vigè pou yon peryòd yon (1) ane, kòmanse avèk kòmansman tèm akademik ete a epi kontinye jiska fen tèm akademik prentan ki vin apre a.

LWA KI APLIKE / JIRIDIKSYON

Akò sa a se akò konplè ant mwen menm ak SPOKANE COMMUNITY COLLEGE konsènan peman nenpòt obligasyon finansye mwen dwe Kolèj la. Li gouvène pa lwa Eta Washington yo. Nenpòt diskisyon legal ki gen rapò ak akò sa a pral jere nan tribinal Spokane, Washington, epi mwen dakò ak otorite tribinal sa yo.

Mwen li epi mwen konprann akò sa a. Lè mwen siyen akò sa a, mwen aksepte tout kondisyon li yo.

Mwen konprann epi mwen dakò ke lè mwen make kaz ki agoch la lè m ap soumèt fòm lan nan fòm papye, mwen konfime entansyon mwen pou m enskri nan kou/pwogram mwen chwazi a, e sa konstitye Akseptasyon akò ki anwo a.



Non Elèv an lèt detache [Premye Dezyèm Prenon Siyati]:

Nimewo Idantifikasyon Elèv:

Dat Nesans Elèv [Mwa Jou, Ane] Siyati Elèv:

Dat:

Pa soumèt fòm sa a san enfòmasyon sa yo:

Non ekri, siyati, ID elèv, ak dat.

Mèsi!